

Kisa pou w fè si pwopriyetè w la fèmen w deyò oswa koupe sèvis piblik ou yo tankou kouran, dlo, gaz, elatriye...



KONNEN DWA W

KIJAN PWOPRIYETÈ A KA JWENN POSESYON INITE OU

Nan Florid, gen sèlman 3 fason mèt kay ou a ka pran posesyon apatman ou lwe a:

1. Si ou abandone kay la, mèt li ka antre ladan l epi chanje seri yo. Si wap pase plis ke 15 jou deyò, li konseye pou w ekri mèt kay pou avèti l sa. Yon pwopriyetè ka deside kay la abandone si:
 - Ou absan nan apatman w nan pou yon peryòd tan ki egal a mwaye tan peryòd lokasyon w nan EPI ou pa t peye lwaye a; oswa,
 - Ou absan nan apatman w nan pou yon peryòd tan ki egal a mwaye tan w te lwe a EPI ou pa t di pwopriyetè w la ou patap la.
2. Ou kite pwopriyetè w la pran apatman an apre ou fi n kite kay la.
3. Pwopriyetè w la depoze yon pwose degèpisman ak Tribinal la epi Jij la te bay lòd pou w deplase soti nan apatman w lan.

PWOPRIYETÈ A DWE DEPOZE YON DEMAND DEGÈPISMAN NAN TRIBINAL LA

Si pwopriyetè w la pote plent pou mete w deyò, ou gen dwa defann tèt ou, avèk ou san yon avoka. Tanpri gade nan bwochi a "Kijan pou reponn degèpisman an" pou plis enfòmasyon. Ou ka jwenn lyen ki mennen nan bwochi sa a isit la: <https://www.legalservicesmiami.org/self-help>

Si Jij la dakò ak pwopriyetè a, Jij la pral siyen yon lòd pou Cherif la mete w deyò. Se Cherif la sèlman ki ka fòse w legalman pou w kite kay ou lwe a , PA pwopriyetè kay la.

PWOPRIYETÈ A PA KA BLOKE OU DEYÒ

Si w abite nan kay ou lwe a epi ou vle rete la, mèt kay la PA KAPAB bay lòd pou w kite oswa fèmen w deyò. Menmsi ou pa peye lwaye a oswa ou vyole kontra lwaye a, pwopriyetè kay la pa ka fòse w kite. Sa a aplike si w lwe yon apatman, yon kay, yon diplèks, yon chanm oswa yon kondominyòm. Sa nou sot di la yo posib menmsi se yon kontra nan bouch. Sèl fason yon pwopriyetè ka fòse w demenaje se lè l depoze yon plent nan yon tribinal pou mande w kite kay la.

PRATIK KI ENTÈDI

Pafwa yon pwopriyetè ap eseye pase sou kote poul pa respekte la lwa, li koupe kouran oswa dlo a, li chanje seri yo, li retire pòt yo, oswa fè yon lòt bagay pou fè ou ale. SA A KONT LALWA.

Espesyalman, dapre Dekrè Lwa Florid nimewo 83.67, yon pwopriyetè pa kapab, dirèkteman oswa endirèkteman, deside kanpe ou koupe sèvis piblik yo. Sa gen ladann: dlo, chofaj, limyè, kouran, gaz, asansè, frijidè, oswa ranmase fatra. Gade Dekrè Lwa Florid nimewo 83.67(6). Yon kopi Dekrè Lwa Florid nimewo 83.67 kole nan kò bwochi sa a.

Anplis de sa, si yon pwopriyetè sispann oswa koupe nenpòt sèvis piblik ki se yon vyolasyon Dekrè Lwa Florid nimewo 83.67, sa a tou se yon vyolasyon "Deklarasyon Dwa Lokatè Miami Dade". Espesyalman, Òdonans Konte Miami Dade, Seksyon 17-176(1)(A). Ou ka jwenn Deklarasyon Dwa Lokatè a isit la <https://www.miamidade.gov/socialservices/library/notice-of-tenants-rights.pdf>

Si pwopriyetè w la fè yon bagay konsa, ou ka rele pwopriyetè a lajistis epi fè l peye 3 fwa pri lwaye plis domaj ak enterè, avèk montan ki pi gwo a, epi fè l peye frè avoka yo tou. Sa ap aplike a chak fwa mèt kay la komèt yon pratik entèdi. Ou kapab pouswiv pwopriyetè a nan tribinal pou ti reklamasyon san yon avoka si domaj ou yo se \$8,000 oswa pi piti. Pou fè sa, ou dwe gade nan bwochi nou an ki rele "Kijan pou w rele yon moun nan tribinal pou yon ti reklamasyon". Ou ka jwenn yon lyen nan bwochi a isit la <https://www.legalservicesmiami.org/self-help>

Si w vle jij la bay pwopriyetè a lòd pou l kite w tounen nan kay la, oswa pou l mete sèvis piblik yo an mach, ou kapab depoze yon Plent nan Tribinal Konte a (kontrèman ak Tribinal kote pou ou fe ti Reklamasyon). Kalite lòd sa a rele yon "enjonksyon". Ou ka mande tou pou domaj ak enterè nan menm pwosè a. Gen yon echantyon plent nan bwochi sa a. Si pwopriyetè w la eseye fòse w kite kay la san w pa pase nan tribinal la, ou ta dwe rele lapolis tou. Montre lapolis bwochi sa a epi mande yo èd. Yo p ap arete pwopriyetè w la, men pafwa y ap di pwopriyetè a pou l kite w antre oswa retabli sèvis piblik yo.

VOYE YON LÈT BLOKAJ BA PWORIYETÈ OU A

Pafwa yon pwopriyetè ka rekonsidere ka ou epi kite ou tounen nan apatman an si ou eksplike li lwa a. Pi bon fason pou fè sa se ekri mèt kay la yon lèt, epi Kenbe yon kopi pou ou. Gen yon echantyon lèt nan bwochi sa a.

DEPOZE YON PLENT NAN TRIBINAL KONTE A POU YON ENJONKSYON

- **Etap:**

Etap 1: Depoze plent. Gen yon bouyon plent nan fen bwochi sa a.

Etap 2: Fè Rremèt plent la bay mèt kay la.

Etap 3: Kontakte Asistan Jidisyè a epi mande yon Odyans an Ijans sou Mosyon Ijans ki nan Enjonksyon yo ba ou a (nan ka kote dlo oswa elektrisite ou koupe oswa si w bloke deyò kay la). Ale nan odyans lan epi di Jij la ou vle sèvis piblik yo retounen. Pote nenpòt prèv oswa temwen ou ka genyen. Gin Yon lis Jij, Asistan Jidisyè, ak enfòmasyon kontak yo toujou ap mete ajou isit la:

https://www.jud11.flcourts.org/documents/judicial_directory/jud_dir2a.pdf.

Etap 4 (a): Patisipe nan medyasyon, si yo bay lòd. Youn nan de bagay sa yo pral rive:

- Vin jwenn yon akò ak lòt pati a epi rezoud ka a.
- Pa jwenn yon akò ak lòt pati a epi ale nan jijman.

Etap 4 (b): Patisipe nan jijman, si yo bay lòd. Youn nan de bagay sa yo pral rive:

- Pèdi jijman epi pa gen dedomajman.
- Genyen ak dedomajman.

Etap 5: Soumèt fòm Jijman Final la, si ou genyen.

Etap 6: Pran jijman an epi swiv pwosedi yo k ap vini aprè jijman an.

- **Frè.** Frè ou peye pou depoze plent ou a depan n de kantite lajan wap mande nan lajistis la.

Si w pa gen anpil kob kom salè, ou ka mande anile frè pou ranpli a lè w ranpli Aplikasyon ki fèt pou moun ki pa gen fanmi(endijan) . Mande Grefye a pou fòm sa a lè w depoze pwosè a.

- **Sèvis.** "Sèvis" se lè Cherif la oswa isye a bay pwopriyetè w la yon kopi pwosè w la pèsònèlman. Ou dwe konnen egzakteman ki moun wap rele nan lajistis. Asire w ke ou genyen non legal kòrèk ak adrès moun oswa biznis w ap rele lajistis la . Pwosè w la pa ka kontinye jiskaske pwopriyetè a resevwa plent la . Si w ap trennen yon antrepriz nan lajistis, ou dwe voye manda bay ajan ki anrejistre a. Ou ka jwenn sou non moun antrepriz la anrejistre a. Wap rele « Enfòmasyon sou Antrepriz ou (kòporasyon”) nan Sekretè Deta Florid la, 1- 850-488-9000 oswa nan sit entènèt www.sunbiz.org. Si ou pa kapab sèvi ajan ki anrejistre a, lè sa a ou ka sèvi nenpòt ofisye antrepriz.

Ou gen 2 chwa pou sèvis:

1. Ou ka sèvi ak Cherif la pou bay sitasyon an epi l ap koute w \$40.00 sof si w jwenn pèmi pou w pa peye frè sa a.
2. Ou ka sèvi ak yon isyé apwouve pou baymèt kay la manda a (pafwa li pirapid pase Cherif la. Pri a ka varye selon moun ou jwenn pou ba ou sèvis la . Wap jwenn yon lis Moun ki bay sèvis sa a lè w rele Grefye a nan (305) 349-5543.

Kisa pou w depoze.

Nan biwo Grefye a, ou dwe soumèt yon sitasyon akyon plent. Wap jwen yon modèl plent ak sitasyon nan bwochi sa a. Mande Grefye a pou fòm Sitasyon an. Ou dwe peye yon frè pou ranpli ak bay sitasyon an epi si wap aplyke pou Detèminasyon Estati Sivil Endijan. Oken n Grefye pa ka ba ou konsèy legal sou fòm yo.

Ou bezwen depoze tou yon "Mosyon Ijans pou Sekou Enjonksyon" pou retabli dlo oswa elektrisite w, oswa pou w jwenn aksè ak kay ou lwe a. Gen yon echantiyon fòm nan bwochi sa a. Sa a se yon fason pou mande Tribinal la bay lòd ak pwopriyetè w la pou l retabli dlo oswa elektrisite lakay ou, oswa pou l mande pwopriyetè w la kite w antre nan apatman w lan.

Pote tout enfòmasyon ak papye konsènan Plent ou ak Mosyon Ijans pou Sekou Enjonksyon avèk ou nan youn nan lokal Tribinal la. Pa egzanp, si ka w la baze sou pwopriyetè w la fèmen w deyò epi w te rele lapolis la, ou ta dwe mete nan dokiman an yon kopi rapò polis ou te resevwa a kòm prèv ke mèt kay ou a te fèmen w deyò, si w genyen li.

Ki kote pou w al depoze.

Ou ka depoze yon plent nan youn nan Tribinal lokal ki endike anba la.

Dade County Courthouse (05)
73 West Flagler Street
Miami, FL 33130

Coral Gables Branch Court (25)
3100 Ponce de Leon Boulevard
Coral Gables, FL 33134

North Dade Justice Center (23)
15555 Biscayne Boulevard
Miami, FL 33160

South Dade Justice Center (26)
10710 SW 211 Street
Miami, FL 33189

Hialeah Courthouse (21)
11 East 6 Street
Hialeah, FL 33010

Miami Beach Court Facility (24)
1130 Washington Avenue
Miami Beach, FL 33139

Joseph Caleb Center Court (20)
5400 NW 22nd Avenue Suite # 103
Miami, Florida 33142

APRE OU FIN DEPOZE PLENT OU DEMANDA

Aprè yo fin pote plent ou an bay pwopriyetè a, mèt kay la ap gen 20 jou pou l reponn. Si se yon ijans, tankou pa gen dlo, ou ta dwe rele Asistan Jidisyè a epi mande yon odyans an ijans sou "Mosyon Ijans pou Sekou Enjonksyon" pou yon Jij wè plent ou a touswit.

Si se pa yon ijans, yon Jij ka bay lòd pou ou menm ak pwopriyetè a ale nan medyasyon. Avantaj nan medyasyon an se ke, ka w la fini touswit epi ou satisfè ak rezilta a, olye pou w pran yon chans ak yon jijman. Dezavantaj la se ke ou ka oblije peye pou medyasyon epi ou ka pa jwenn tout sa ou vle. Si oumenm ak pwopriyetè a pa ka dakò ak okenn kondisyon nan medyasyon an, Lè sa a, Jij la ka bay lòd pou yon jijman.

KISA KI PRAL PASE NAN JIJMAN OU AN

Jijman an se odyans final la nan ka w la. Nan pwosè a tout temwen yo temwaye epi tou de bò yo prezante nenpòt dokiman oswa lòt prèv yo genyen. Si ou te depoze Plent lan, ou se pleyan an epi ou prezante ka w la an premye. Ou ka kòmanse ak yon "deklarasyon ouvèti", kote ou eksplike Tribinal la sou kisa ka a ye, kisa ou pral pwouve ak ki jan ou pral pwouve li.

Aprè pleyan an te prezante tout sa ki nesesè pou pwouve ka a, Lè sa a, akize a gen opòtinite pou prezante pati pa li a nan ka a. nou Tou de, oumenm ak pwopriyetè w la ka rele temwen epi prezante dokiman ak lòt prèv pou Jij la konsidere. Nou Tou de ka poze kesyon ak temwen lòt pati a tou.

Aprè tou de bò yo prezante ka yo, lè sa a, pleyan an ak akize a ka fè yon "fèmti agiman." Nan diskisyon final la, chak pati eseye konvenk Tribinal la deside an favè li. Ou ka repete bay Jij la sa ou te pwouve ak poukisa ou ta dwe genyen.

Aprè sa, Jij la deside ka a epi li bay yon desizyon. Yo rele sa Jijman Final la epi yo pral ekri. Anjeneral Jij la pran desizyon imedyatman aprè jijman an; pafwa Jij la ap pran plis tan pou l deside.

Si Jij la pran yon desizyon an favè w, w ap resevwa yon Jijman Final pa lapòs oswa w ap resevwa enstriksyon pou w ale nan Biwo Grefye a pou w jwenn yon fòm Jijman Final. Ou oblije soumèt fòm Jijman Final la bay Jij la pou siyati. Ou dwe ranpli li epi bay Jij la ak akize a kopi yo, ansanm ak anvlòp ak so pou tout pati yo. Ou ta dwe tou kenbe yon kopi pou tèt ou. Yon Jijman Final se yon dokiman legal ki deklare ke yon pati gen dwa mande pou lòt pati a peyel montan fiks avèk domaj ak enterè.

Si Jij la pran yon desizyon an favè pwopriyetè w la, ou ka responsab pou peye pwopriyetè w lajan epi frè avoka l yo.

Nòt: A nenpòt ki lè pandan pwosesis sa a, akize a ka peye w epi regle reklamasyon an. Sepandan, jwenn yon jijman kont yon pati se PA menm jan ak mande jijman sa a, epi li ka difisil. Pwosedi legal aprè jijman yo souvan obligatwa anvan nenpòt koleksyon. Ou ka jwenn li nesesè pou achte sèvis yon avoka pou ede w ak pwosedi aprè jijman an. Ou ka rele Sèvis Referans Bawo Avoka Konte Dade nan (305) 371-2646 pou yon referans bay yon avoka ki fè travay koleksyon. Sepandan, yo ka fè w peye pou sèvis yo.

NAN TRIBINAL KONTE A NAN POU KONTE MIAMI-DADE, FLORID

DIVIZYON SIVIL

Nimewo Ka a.: _____

Pleyan yo)

Kont.

Akize (yo)

PLENT VERIFYE POU MANDE DOMAJ AK INTERÈ

Pleyan, _____ (ki rele "Pleyan apre nan dokiman sa la"), asiyen Akize
a, _____
_____ (ki rele "Akize" aprenan dokiman sa la"), deklare:

Fè yo

1. Sa a se yon aksyon pou chèche soulajman deklarasyon ak enjonksyon ak domaj konpansatwa ki pa depase \$15,000
2. Pleyan se yon "lokatè" nan sans Dekrè Lwa Fla. § 83.43(4).
3. Akize se yon "pwopriyetè" nan sans Dekrè Lwa Fla. § 83.43(3).
4. Pleyan an abite nan kay (lojman) ki twouve l nan _____
_____ (adrès) (ki rele lokal yo apre nan dokiman sa la").
5. Nan tout moman ki konsène yo, lokatè a te abite ak/oswa abite nan lokal la.
6. Akize a se pwopriyetè lokal kote pleyan an abite.
7. Lwaye mansyèl pleyan an se \$_____.
8. Nan dat _____ (dat), akize a te komèt zak sa yo (tcheke tout sa ki aplikab yo)):
 - ☐ Akize koupe dlo a.
 - ☐ Akize koupe kouran an.
 - ☐ Akize a te anpeche m antre nan lokal la lè li chanje kadna yo oswa fèmen m deyò lakay mwen.
 - ☐ Lòt: _____

9. Pleyan an pa t transfere posesyon lokal la bay akize a.
10. Pleyan an pa t abandone lokal la.
11. Moun k ap plenyen an gen dwa pou l resevwa lajan ak frè rezonab dapre Dekrè Lwa Fla. § 83.67(6) ak òdinans Konte Miami Dade Seksyon 17-176(1)(a).

REKLAMASYON POU DEDOMAJMAN

KONT I: PRATIK ENTÈDI

(Soulajman deklarasyon ak enjonksyon anba Dekrè Lwa § 83.67)

12. Moun ki plenyen an repete epi mete ankò paragraf 1 jiska paragraph 11 la menm jan li di nan dokiman an
13. Sa a se yon aksyon pou sekou deklaratif, ak sekou pou enjonksyon tanporè ak pèmanan, dapre: Dekrè Lwa § 83.67; ak nenpòt lòt lwa aplikab nan Florid.
14. Aksyon akize a, jan yo pretann nan Paragraf 8 la, se "pratik entèdi" jan sa defini nan Dekrè Lwa § 83.67(1).
15. Aksyon akize a, jan yo pretann nan paragraf 8 la, konstitye "domaj ki pa ka repare" nan siyifikasyon Dekrè Lwa §§ 83.67(1)-(2) ak 83.67(6).
16. Pleyan an endijan e li pa kapab bay yon kosyon pou voye yon enjonksyon tanporè. Anplis de sa, an akò ak Fla. A. Sivil. P. 1.610(b), pa gen okenn depo obligatwa pou w voye yon enjonksyon tanporè sèlman pou anpeche domaj fizik.

NAN KA SA A, Pleyan an ap mande Tribinal sa a avèk respè:

- A. Deklare Akize a vyole ilegalman Dekrè Lwa § 83.67
- B. Òdone pou Akize a konfòme li imedyatman ak Dekrè Lwa § 83.67 lè li egzije Akize a pou l kite pratik entèdi yo
- C. Bay pleyan an reparasyon sou deklarasyon an ak enjonksyon an; epi,
- D. Bay nenpòt lòt dedomajman Tribinal la konsidere nesesè ak apwopriye..

KONT Nimero 2: PRATIK ENTÈDI

(Domaj ak enterè anba Fla. Stat § 83.67)

17. Moun ki plenyen an repete epi mete ankò paragraf 1 jiska paragraph 16 la menm jan li di nan dokiman an.
18. Sa a se yon aksyon pou domaj ak enterè konpansatwa dapre Dekrè Lwa § 83.67.
19. Aksyon akize a, jan yo pretann nan paragraf 8 la, konstitye "pratik entèdi" jan sa defini nan Dekrè Lwa § 83.67(1).
20. An akò ak Dekrè Lwa § 83.67(6), "yon pwopriyetè ki vyole nenpòt dispozisyon nan seksyon sa a pral responsab devan lokatè a poul peyel domaj ak enterè oswa twa mwa lwaye, kèlkeswa montan ki pi gwo, ak frè, ki gen ladan frè lwaye ak frè . 'avoka".

NAN KA SA A, Pleyan an ap mande Tribinal sa a avèk respè:

- A. Akòde pleyan an pi gwo nan de montan sa yo: domaj ak enterè oswa twa mwa lwaye, dapre Dekrè Lwa § 83.67(6) pou chak vyolasyon Lwa Florid 83.67.;

- B. Bay Pleyan an frè ak depans an akò ak Dekrè Lwa §§ 83.67, 83.59, ak 83.48; epi,
- C. Bay nenpòt lòt dedomajman Tribinal la konsidere nesesè ak apwopriye.

KONT Nimero 3: PRATIK INTÈDI

deklarasyon reparasyon ak enjonksyon anba òdonans Konte Miami Dade Seksyon 17-176(1)(a))

- 21. Moun ki plenyen an repete epi mete ankò paragraf 1 jiska paragraph 20 menm jan li di nan dokiman an.
- 22. Sa a se yon aksyon pou deklarasyon reparasyon, domaj, ak enjonksyon tanporè ak pèmanan dapre: òdonans Konte Miami Dade Seksyon 17-176(1)(a); ak nenpòt lòt lwa aplikab nan Florid
- 23. Aksyon akize a, jan yo pretann nan Paragraf 8, konstitye yon "pratik ilegal" jan sa defini nan òdonans Konte Miami Dade Seksyon 17-176(1)(a).
- 24. Dapre Seksyon 17-176(1)(a) òdonans Konte Miami Dade, "Li ilegal pou yon pwopriyetè sispann nenpòt sèvis piblik lè li fè sa li vyole Seksyon 83.67, Lwa Laflorid yo, ki fè konnen ke sèvis piblik yo Pwopritè(mèt kay) la ki responsab pou peye yo

NAN KÀ SA A, Pleyan an ap mande Tribinal sa a avèk respè::

- A. Delare ke akize a ilegalman vyole òdonans Konte Miami Dade Seksyon 17-176(1)(a).
- B. Bay lòd pou Repondan an konfòme l imedyatman ak òdonans Konte Miami Dade Seksyon 17-176(1)(a);
- C. Akòde a Pleyan an domaj ak enterè dapre Seksyon 17-179 òdonans Konte Miami Dade.
- D. Akòde frè ak depans pleyan an dapre òdonans Konte Miami Dade Seksyon.17-179; epi,
- E. Bay nenpòt lòt dedomajman Tribinal la konsidere nesesè ak apwopriye.

Nan dat _____ jou ki _____, 20_____.

Soumèt avèk respè,

Pa: Pleyan, _____

« Anba pèn pou fo temwayaj, mwen sèman e mwen afime ke tout enfòmasyon ki nan "Plent Verifye pou Soulajman Enjonksyon ak Domaj" sa a se vre e kòrèk »

Adrès: _____

Telefòn: _____

Adrès elektwonik : _____

SE LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC A KI KREYE FÒMILÈ SA A .

Dat:

Non Pwopriyetè a

Adrès Pwopriyetè a

RE: KAY LA TWOUVE L

Mesye/ Madanm _____:

Nan dat _____ (dat), Mwen kwè ou te fè zak ilegal sa yo pou fòse m soti nan apatman mwen an (tcheke tout sa ki aplikab yo):

- ☐ Ou koupe dlo a.
- ☐ Ou koupe kouran an.
- ☐ Ou anpeche m antre nan lokal la lè w chanje kadna yo oswa fèmen m deyò lakay mwen..
- ☐ Lòt:

An akò ak Dekrè Lwa §83.67 ak òdonans Konte Miami Dade Seksyon 17-176(1)(a), si ou vle m kite apatman an, ou dwe depoze yon avi degèpisman nan tribinal la. Yo entèdi degèpisman ke ou fè oumen m poukont ou nan eta Florid. Si jij nan ka degèpisman an bay lòd degèpisman mwen an, Lè sa a, Depatman Cherif Konte Miami-Dade pral mete m deyò.

Aksyon ou te pran yo ka vyole lwa pwopriyetè/lokatè Florid yo epi yo ka rann ou responsab devan mwen pou peye 3 fwa lwaye a oswa domaj ak enterè, pou montan koi ki pi gwo, plis tout lòt frè ak frè avoka mwen an, pou chak vyolasyon. Mwen mete yon kopi lwa sa a. Mwen sijere ou konsilte avoka ou ki ka konfime sa a.

Mwen mande pou ou sispann aktivite ilegal ou yo nan 3 èdtan apre ou resevwa lèt sa a. Sa ta dwe ba ou ase tan pou konfime sa mwen te di a se vre. Sinon, mwen ka ale nan tribinal pou reklame dwa mwen.

Avek respè,

Siyati

Non ekri

Telefòn

SE LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC A KI KREYE FÒMILÈ SA A .

Dekrè Lwa Florid yo, § 83.67. Pratik entèdi

1) Pwopriyetè yon apatman ki konsène pa Pati sa a pa dwe lakòz, dirèkteman oswa endirèkteman, revokasyon oswa entèripsyon nenpòt sèvis piblik yo bay lokatè a, ki gen ladan l men pa sèlman limite a dlo, chofay, kouran, gaz, asansè, ranmasaj fatra. oswa refrijerasyon, nan nenpòt fason an sèvis piblik sou responsabilite Pwopriyetè a poul peye yo.

(2) Pwopriyetè yon kay ki gouvène pa Pati sa a pa dwe anpeche lokatè a jwenn aksè rezonab nan kay la pa nenpòt ki fason, tankou, chanje kadna oswa lè l sèvi avèk yon aparèy pou fèmen pòt la

(3) Pwopriyetè apatman ki gouvène nan Pati sa a pa dwe fè diskriminasyon kont yon manm Fòs Lane lè li ofri yon kay pou lwe oswa dapre kondisyon kontra lokasyon an.

4) Yon pwopriyetè pa dwe entèdi yon lokatè montre yon drapo Etazini pòtab, detachable, twal, oswa plastik, ki pa depase 4½ pye sou 6 pye, nan yon fason ki gen respè nan kay la oswa sou kay la, kèlkeswa nenpòt dispozisyon nan kontra lokasyon an. fè fas ak drapo oswa dekorasyon. Drapo Etazini an dwe flote an akò ak dispozisyon sa yo

s. 83.52(6). Pwopriyetè a pa responsab pou domaj yon drapo Etazini ka fè pa yon lokatè. Oken n drapo Etazini pa dwe depase espas yon lòt lokatè lwe.

5) Yon pwopriyetè nenpòt kay ki gouvène pa pati sa a pa dwe retire pòt, kadna, tèt kay, mi oswa fenèt yon kay sof pou koze antretyen., reparasyon oswa pou ranplasman; epi pwopriyetè a pa dwe retire byen pèsònèl lokatè a sof si se yon aksyon ki fèt apre abandon, oswa rekouvremant apatman an akòz lanmò dènnye moun ki te rete nan kay la an akò ak s. 83.59(3)(d), oswa yon degèpisman legal. Si li te nan akò lwaye a oswa yon akò a lekrii separe de akò lwaye a, lè lokatè a abandone oswa remèt kay la, mèt kay la pa oblije respektè s. 715.104 epi li pa responsab pou estokaj oswa pou w li dispose s de byen pèsònèl lokatè a; si li nan akò lwaye a, lii dwe klè nan akò a kòm menm jan ak paragraph ki anba la:

A TRAVÈ SIYATI AKÒ LWAYE SA,LOKATÈ A DAKÒ KE LI LI REMÈT OSWA ABANDONE APATMAN AN, OSWA REKOUVEMAN APATMAN AN AKO LANMÒ DÈNNE MOUN KI TE ABITE NAN LOKASYON AN, DAPRE CHAPIT 13, DEKRÈ LWA FLORIDA, MÈT KAY LA PA RESPONSAB POU ESTOKAJ BYEN PÈSONÈL LOKATÈ A.


Pou rezon seksyon sa a, abandon defini nan seksyon 83.59(3)(c).

6) Yon pwopriyetè ki vyole nenpòt dispozisyon nan seksyon sa a pral responsab devan lokatè a pou peye domaj ak enterè ak oswa 3 mwa lwaye, kèlkeswa montan ki pi gwo, ak frè, enkli frè avoka. Vyolasyon ki vin apre oswa plizyè fwa ki pa menm jan ak premye vyolasyon an pral sijè a domaj separe.

(7) Yon vyolasyon seksyon sa a konstitye domaj ireparab pou rezon enjonksyon.

(8) Rekou seksyon sa a bay yo, pa eksklizif epi yo pa anpeche lokatè a pouswiv nenpòt lòt solisyon nan lalwa oswa nan ekite li ka genyen. Solisyon yo bay nan seksyon sa a aplike tou pou yon manm sèvis la ki se yon lokatè potansyèl ki te fè diskriminasyon kont anba seksyon (3).

Istwa.-s. 3, c. 87-369; s. 7, c. 88-379; s. 3, c. 90-133; s. 3, c. 96-146; s. 2, c. 2001-179; s. 2, c. 2003-30; s. 4, ch. 2003-72; s. 1, ch. 2004-236; S. 2, c. 2007-136.



Eskane pou plis enfòmasyon



**4343 West Flagler Street, Suite 100
Miami, Florida 33134**

www.legalservicesmiami.org